

## BAB I BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Guguritan téh sabangsa puisi anu wangunna ngagunakeun patokan pupuh. Ari wangunna pupuh aya 17 rupa, unggal pupuh kauger ku patokan séwangséwangan, patali jeung guru lagu, guru wilangan, sarta watek pupuh. Patokan watek pupuh patali jeung eusina. Aya pupuh nu digunakeunana keur ngaéksprélikeun rasa gumbira, asmara, nineung, nalangsa, kaambek, jsté. Ayana rasa kitu lantaran ayana wirahma, randegan, sora vokal, tina ayana guru wilangan jeung guru lagu. Éta kabéh awor dina nembangkeunana. Unggal pupuh béda-béda laguna. Bédana jeung wawacan, wawacan mah eusina naratif, ngalalakon, mangrupa carita. Guguritan mah mungkin ukur éksprési, imprési, déskripsi, atawa gabungan tina éta nu tilu (Ruhaliah, 2020, kc. 53).

Nurutkeun *Kamus Basa Sunda R.A. Danadibrata* (2006, kc. 240) guguritan téh asal kecap tina gurit, ngagurit anu hartina nyusun basa kana pupuh, ngarang tembang, sok disebut ogé mangun~; ting, *anggit, dangding*; guguritan karangan anu dijeun gurit; ting. *Karang, sanggi, gending*. Sedengkeun nurutkeun Yus Rusyana (1980, kc. 94) guguritan nyaéta karangan pondok tur disusun maké patokan pupuh. Guguritan kaasup kana puisi Sunda dina warna heubeul nu teu ngawujud carita.

Guguritan mangrupa éksprési atawa kedalan ide anu dituliskeun ku cara maké aturan pupuh, biasana diwangun ku opat pada atawa leuwih, sarta ditulis dina hiji aturan pupuh hungkul (Hendrayana, 2018, kc.36). Guguritan dina sastra Sunda mangrupa karya puisi anu nepi ka kiwari masih dijieu ku anu nganggitna, sok sanajan teu loba jiga nu nulis sajak (puisi bébas, puisi modérn).

Salah sahiji pangarang guguritan nyaéta Haji Hasan Mustapa anu mangrupa bujangga Sunda pangbadagna tur karya-karyana kawilang réa utamana dina guguritan, tapi nu mikawanoh tur mikaresep masih saeutik, lolobana resep kana anékdote-anékdote anu némbongkeun kamahiwalanna. Sedengkeun anu neuleuman karya-karyana mah henteu loba, éta pamadegan téh saluyu jeung nu ditepikeun ku Rosidi (1989, kc. 59). Hal éta jadi cukang lantaran pentingna diayakeun ieu panalungtikan, sangkan bisa mekarkeun pangaweruh, hususna tittinggal budaya Sunda.

Buku *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa mangrupa kumpulan guguritan dina wangun pupuh sinom anu eusina ngeunaan ibadah, ahlak, jeung tauhid anu mangrupa bagéan tina ajén kaagamaan, tangtuna baé éta téh kudu dipaluruh deui maksud jeung hartina. Alatan kitu, ajén kaagamaan anu nyangkaruk di jerona baris dipaluruh ngagunakeun tiori Nasrudin Razak. Saupama ditilik tina strukturna, aya nu teu saluyu jeung aturan pupuh sinom anu ilahar. Dina sapuluh pada mimiti, katitén aya padalisan anu teu luyu jeung aturan, utamana dina unggal padalisan katujuh nu bédha jumlah engangna. Tilikan struktur guguritan ieu baris dipedar ngagunakeun tiori R. Satjadibrata nu ngawengku guru lagu, guru wilangan, jeung guru gatra.

Dina *Sinom Wawarian*, salian ti medar masalah agama (Islam) sacara tasawuf nu réa ngagunakeun istilah basa Arab jeung ayat-ayat Qur'an, Haji Hasan Mustapa loba ngagunakeun siloka jeung métáfora tina mitologi jeung alam imajinasi budaya Sunda kayaning "Sang Kuriang" (nu ditulis "Sang Guriang"), "Leuwi Sipatahunan", "Siliwangi", "alam padang poé panjang", jeung tina alam pawayangan kayaning "Pandawa", "Arjuna", "Astinapura", "Suralaya", "gamelan", jeung lianna. Dalah "wawarian", "lebaran", jeung "nadran" gé mangrupa adat kabiasaan urang Sunda, sanajan bisa jadi ayeunamah geus laleungitan (Rosidi, 2009, kc. 13)

Panalungtikan anu saacana pikeun ngarojong ieu panelungtikan téh dilakukeun ku Nursyamsiah (2012), medar ngeunaan "Ajén Agama Guguritan Haji Hasan Mustapa Ulikan Struktural jeung Hermeneutik kana *Guguritan Kinanti Kulu-Kulu*". Panalungtikan nu judulna "Ulikan Tasawuf dina *Guguritan Sinom Gurinda Pangrasa* Karya Radén Haji Muhamad Syu'eb: Analisis Struktural jeung Hermeneutik" ku Dwi Alia (2013). Terus aya ogé "Ajén Éstética dina *Kumpulan Guguritan Lagu Ngajadi* Karya Dian Hendrayana pikeun Bahan Pangajaran Guguritan di SMA kelas X" ku Yaman Al Fashli (2016)". Panalungtikan anu judulna "Gaya Basa Rétoris dina *Kumpulan Guguritan Lagu Ngajadi* Karya Dian Hendrayana pikeun Bahan Pangajaran di SMP" ku Eva Rahmawati (2017)". Aya deui "Ulikan Struktural jeung Ajén Éstética dina *Kumpulan Sajak jeung Guguritan* karya Dedy Windyagiri" ku Rosita (2019). Sarta nu panganyarna dijudulan

“Kumpulan Guguritan Riring-Riring Tjiawaking karya Wahyu Wibisana (Ulikan Struktural jeung Estétika)” ku Eri Fatria (2021).

Panalungtikan saméméhna anu geus dilaksanakeun patali jeung guguritan karya Haji Hasan Mustapa miboga sasaruaan, nyaéta pikeun medar ajén kaagamaan. Sedengkeun anu ngabédakeunana dina ieu panalungtikan nyaéta obyékna. Sanajan geus aya anu nalungtik ngeunaan ajén kaagamaan dina guguritan Haji Hasan Mustapa, tapi can aya nu nalungtik ajén kaagamaan dina guguritan *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa. Ieu buku téh mangrupa hasil raratan tur diusahakeun ku Ajip Rosidi sarta ditransliterasi ku Ruhaliah. Ieu panalungtikan dianggap perlu lantaran bisa ngaguar eusi sarta ajén kaagamaan anu nyampak dina obyék panalungtikan.

Panalungtik miharep bisa ngawanohkeun deui karya-karya Haji Hasan Mustapa anu kacida éndah sarta bisa ngajembaran pangaweruh masarakat, boh masarakat asli Sunda boh masarakat di saluareun Sunda. Ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun sumber dina ngawanohkeun ajén-ajén luhung anu nyangkaruk di jerona. Anapon panalungtikan nu dilaksanakeun miboga judul “Ajén Kaagamaan dina Guguritan *Sinom Wawarian* Karya Haji Hasan Mustapa (Ulikan Struktural)”.

## 1.2 Idéntifikasi Masalah

Pamarekan nu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta pamarekan struktural jeung ajén kaagamaan. Lantaran ambahan ajén kaagamaan kawilang lega, ieu panalungtikan téh diwatesanan pikeun medar ajén kaagamaan nu ngawengku ahlak, tauhid, jeung ibadah.

Sakumaha pedaran di luhur sangkan ieu panalungtikan téh miboga udagan nu pasti, panalungtik baris ngaidéntifikasi sababaraha masalah, nyaéta:

- 1) struktur guguritan aya anu teu luyu jeung patokan pupuh sakuduna;
- 2) masarakat jaman kiwari hususna barudak jaman ayeuna masih réa nu teu wanoh kana guguritan, antukna teu apal kana eusi nu rék ditepikeun ku pangarang, padahal di jerona loba papatah jeung pituduh pikeun kahirupan;
- 3) masih aya nu nganggap yén Haji Hasan Mustapa téh mahiwal sarta jarang bisa katarima ku masarakat;
- 4) dina ieu guguritan loba papatah pikeun ngalaksanakeun ibadah anu kudu dipaluruh deui harti jeung maksudna.

**Robi Maulana Sidik, 2023**

**AJÉN KAAGAMAAN DINA GUGURITAN SINOM WAWARIAN KARYA HAJI HASAN MUSTAPA (ULIKAN STRUKTURAL)**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

### **1.3 Rumusan Masalah**

Sangkan panalungtikan ieu museur kana nu dimaksud, guguritan *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa ditilik tina struktur jeung ajén kaagamaan. Dumasar strukturna guguritan minangka karya sastra dina wangun pupuh téh kauger ku aturan anu ngawengku guru gatra, guru wilangan, struktur lahir puisi, jeung struktur batin puisi. Saupama ditilik tina eusina, guguritan *Sinom Wawarian* ngandung ajén kaagamaan anu linuhung. Ajén kaagamaan dina ieu guguritan ngawengku (1) tauhid, (2) ahlak, jeung (3) ibadah.

Anu jadi masalah dumasar pedaran di luhur dina ieu panalungtikan, sakumaha anu di handap.

- 1) Kumaha adegan (struktur) guguritan dina buku *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa?
- 2) Kumaha adegan (struktur) lahir puisi dina buku *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa?
- 3) Kumaha adegan (struktur) batin puisi dina buku *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa?
- 4) Kumaha ajén kaagamaan anu nyampak dina buku *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa?

### **1.4 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.4.1 Tujuan Umum**

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsiun ngeunaan struktur lahir puisi, struktur batin puisi, struktur guguritan, jeung ajén kaagamaan dina buku *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa.

#### **1.4.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun:

- 1) ngadéskripsiun adegan (struktur) guguritan anu aya dina buku *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa;
- 2) ngadéskripsiun adegan (struktur) lahir puisi anu aya dina buku *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa;

- 3) ngadéskripsi keun adegan (struktur) batin puisi anu aya dina buku *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa;
- 4) ngadéskripsi keun ajén kaagamaan anu nyampak dina buku *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa.

### **1.5 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan**

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa jadi pangdeudeul tur mangpaat boh sacara tioritis ogé praktis, sakumaha dijéntrékeun di handap.

#### **1.5.1 Mangpaat Tioritis**

Ieu panalungtikan téh miboga mangpaat tioritis nyaéta:

- 1) pikeun nambahana pangaweruh masarakat Sunda, sarta dipaké salaku média pikeun ngajembaran pangaweruh jeung sawangan hirupna, utamana dina mekarkeun pangaweruh dina widang kabasaan jeung sastra;
- 2) pikeun sakumna masarakat Sunda, bisa dijadikeun sumber sangkan mikawanoh jeung maham kana eusi karya Haji Hasan Mustapa, sarta teu kajadian deui miagul Haji Hasan Mustapa tapi teu nyaho kana karyana;
- 3) bisa leuwih ngajembaran buku-buku sumber bacaean ngeunaan Haji Hasan Mustapa;
- 4) bisa dijadikeun bahan bacaan balaréa, bisa jadi sumber pangaweruh, inspirasi dina nanjurkeun karya sastra sangkan leuwih jero tur bisa ngawangun sipat jeung paripolah masarakat anu leuwih hadé.

#### **1.5.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat:

- 1) pikeun nu nalungtik, leuwih ngajembaran paélmuan dina widang kasusastraan hususna dina guguritan sarta ngadadasaran pikeun ngalaksanakeun panalungtikan satuluyna;
- 2) pikeun mahasiswa, jadi référénsi, bahan pancén kuliah nu patalina jeung guguritan hususna karya-karya Haji Hasan Mustapa;
- 3) pikeun kampus, ngeuyeuban panalungtikan dina widang sastra hususna guguritan.

### **1.5.3 Mangpaat Segi Isu jeung Aksi Sosial**

Eusi dina buku kumpulan guguritan *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa réa medar ngeunaan kautamaan jalma dina ngalakonan ibadah ka Gusti nu Maha Suci. Lian ti éta, kekecapanna maké basana ahéng pikeun dipiharti ku masarakat. Lantaran jalma kiwari geus jarang maké basa Sunda anu merenah, antukna dina ngahartikeunna ogé hararésé. Ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh anyar ngeunaan kecap-kecap basa Sunda bihari dina mangsa kiwari.

### **1.5.4 Mangpaat Kawijakan**

Guguritan mangrupa salah sahiji karya sastra Sunda dina warna heubeul, mekarna jaman jeung téhnologi tangtuna baé mangaruhan kana éksisténsi dina mangsa kiwari. Panalungtikan ieu dipiharep bisa ngeuyeuban référensi sarta cocog dijadikeun bahan pangajaran di sakola dina ngaronjatkeun kaparigelan nulis guguritan, bisa ngaraksa tur ngariksa salah sahiji titinggal budaya Sunda sangkan nanjeur salawasna.

## **1.6 Raraga Tulisan**

Raraga nulis dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, sakumaha anu dibéjéntrékeun di handap.

Bab I Bubuka. Dina ieu bab, eusina maluruh kasang tukang panalungtikan, identifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Dina ieu bab, eusina maluruh tiori-tiori nu aya dina panalungtikan, medar ngeunaan guguritan, sajarah guguritan, strukturalisme (struktur guguritan), pupuh, watek pupuh, ajén kaagamaan, jeung panalungtikan saméméhna.

Bab III Métode Panalungtikan. Dina ieu bab, eusina medar ngeunaan métode panalungtikan nu dipaké, desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik panalungtikan ngumpulkeun data jeung ngolah data, instrumén panalungtikan, sarta prosedur alur panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar sagembelengna hasil tina analisis panalungtikan nu dilaksanakeun. Eusina medar

ngeunaan struktur guguritan, jeung ajén kaagamaan dina buku *Sinom Wawarian* (kumpulan guguritan) karya Haji Hasan Mustapa.

Bab V Kacindekan jeung Saran. Dina ieu bab mangrupa bagéan pamungkas tina skripsi. Eusi dina kacindekan nyaéta ringkesan hasil panalungtikan, sarta saran nu ditepikeun panulis pikeun nu maca sangkan panalungtikan ka hareupna leuwih hadé.